



# SA YĒNGU, SA ĒLĒG

**Téeré tektal bu yomb ngir nga sóobu amal yëngu jëm doxandéem| yi yor sen liggéeyu bopp**



## Cant ak ngërëm

**Téeré tektal bii ñi ko amal mooy New York Immigration Coalition and Pratt Center for Community Development, muy sen wàll ngir jéem a yokk jote ci ay xibaar yu leer ak ay jumtukaay yu jëm ci doxandéem yi yor sen liggéeyu bopp ci New York. Fësëlug téeré gii ñi ko amal te fayu ñu leen ci dërëm ñoy Capital One, the NYC Department of Youth and Community Development, the New York City Council and the Speaker's Office, mu jaare ci the New York Immigration Coalition's Key to the City Initiative.**

Fësël ñu ko ci Awril 2019

Kiko jëmmël di Ben Dodd, ci ndimbalu Cépedes Sal Muñoz

Kiko faram-fàcce di June Lee

### New York Immigration Coalition

The New York Immigration Coalition ab kuréel la bu amul payoor guy mbëbëtë am goxub New York gu ëpp doole ndax nu ngi talal ñépp sunu yoxo, yemale leen, may leen ñu motalli seeni bëgg-bëgg. Kuréel gi dafay boole doxan-déem yi, ñi ci bokk & ñi koy jàppale ba nga xam ne bépp saa-New York dafay jëm kanam.

### Pratt Center for Community Development

Pratt Center for Community Development dafa boole sumb jëm ci dëkku taax yi, gëstu, tek lépp ci yoon, ak jàppale ñiy yëngu ci liggéey yu ndaw taxawu leen, ñu tek ay jeego amal sen ëlëg ci yamale ba faw ci bépp saa-New York

# ËMB GI

**Tàmbali sab yëngu? Li nga soxla xam!** ........ 6
Naka ngay jëfandikoo téeré bi lay tektal ........ 6
Tàmbali ........ 7
Ay pexe ngir tànn say xeetu yëngu ........ 11

**6 xeetu yëngu yi** ........ 15
Sa moomelu bopp ........ 16
Li nga bokk ak ñépp ........ 17
Li nga ci moom ........ 19
Li nga ci moom te mu yam ........ 21
Ñi nga bokkal liggéey bi ........ 23
Kuréelu liggéeykat yi ........ 26

**Li muy tekki** ........ 27

**Këyit yu am solo** ........ 28

**Jumtukaay** ........ 29

# Bataaxal bu joge ci baatu Corey Johson bu dëkkub New York


Yaw saa-New York bi,

Dëkkub New York bi nu xam te bëgg ko narul woon tekki dara bu nekkul woon sunu doxandéem yi yor sen ligéeyyu bopp. Way-tukkisi yi ño yor komu dëkk bi, bo xoolee lim ku tàkku gi ñu doon ci liggéeyu jàmbur ak liggéeyal sen bopp. Dëgg la, way-tukkisi yi ño yor xaaju liggéey yi ci New York tey bokk ci lu tollu ci 228 milyaar $ ci koomu dëkk bi. Waaye, amna ci ay jumtukaay yo xamne li leen tax a jog mooy jàppale ngir ñoŋal ñi yor seeni yëngu bopp kese. Mbégté la ci man ma yokk jumtukaay bi ci barabu yi ci dëkk bi, def ay jeego jàppale wàllu yëngu way tukkisi. Jeego bu am solo la jëm ci ne nu gi wëyël di dindi bànkas yi ngir Saa-New York tekki.

Amna ay jamono bu kilifay réew mi songaan gni tukkisi New York, dama bég ci li kuréélu dëkk bi defaree téeré tektal bii. ‟Sa yëngu, Sa ëlëg” moy li gën a kawe ci li nu yokk ci jokko ak ay kangam yu wóor ci wàllu tukki, yëngu, ak limpo, naka noonu mboolo ak gniy liggéeyal sen bopp ci bitim réew. Ci fànn yu bari, bii mooy bi ci njëkk. Téeré tektal bii daf leen di wan yoon wu leer ak ay xibaar yu leen di dimballi ci way-tukisi ci New York yi ngeen bëgg bokk sumbu liggéey waaye xamoo leen fu ngeen di tek tank wala sax ban xeetu yëngu ngeen bëgg taxawal.

Ginnaaw njarign gu bari gu téeré tektal bi am ci Saa-New York yi, fësal gi nu ko fësal ci jamonoo gii daf nuy wan lu bari lu joge ci kuréel way-tukkisi yi ne dalal na gnu leen bu baax fii te yit rafetlu na gnu li bari li gnuy def ci dëkk bi. Am naa yaakaar ni téeré tektal bii din a yokk xalaat saa-New York yépp gnu jàll ci li ci top!

Mu ngi liggéey



Baatu kuréelu dëkkub New York
Corey Johnson


# Bataaxal gu bàyyikoo ci Kilifa yiy Dogal

Lu ëpp 150'I at, New York dafa mas a nekk teen wu gni tukkisi New York di rootee. Ba noppi gnoom wëyal di gnoŋal kom-komam. Bo jëlee 4, 1 liggéeykat yi ci way-tukkisi yi la di de flu tollu ci milyaar ci doolaar ci kom-komu dëkk bi. Waaye way-tukkisi yi du rekk dagnuy dollisi ku ci liggéeykat yi, gnoom gnoy tax ay xeetu liggéey yu bari di am: Lu ëpp 83.000 nit ci New York yu am seeni yëngu bopp ay way-tukkisi di dëkk bi la gnu, muy li ëpp ci gni yor liggéey yu ndaw yi.


The New York Immigration Coalition and Pratt Center for Community Development mbégté la am jox leen téeré tektal bii muy jumtukaay bu jàppandi buy dimbali way-tukkisi yi gnun tàmbali ak sàmm yëngu yu mucc ayib. Am-na mbal mu yaatu bu dajale askan wi ci ay mboolo, jëmmalukaay, yëngu yu ndaw, ak gni sangna joxe ay ligéey yu am solo ngi yor sen yëngu bopp, waaye gnu bari danu gis ne jumtukaay yi jàppandi yi kàllaama bi gnu ko waxe dégg gnu ko. Lii moom ab mbir la ngir gni yor seen liggééyu bopp yépp waaye rawatina way-tukkisi boo xoole tolof-tolof yi gnu am ci kàllaama ak mbaatit.

Téeré tektal bi dfa doore ak wane yen jafe-jafe yi way-tukkisi di jàkkantool jox leen ay xibaar yu jàppandi ci kàllaama yu bari. Jumtukaay bii jàngale din taxawu xariti askan wi yiy liggéey ci mbedd mi ngir jox mbooloom way-tukkisi ay jumtukaay yu leen di dimbali ci seeni yëngu. Jàppale way-tukkisi ci seeni yëngu ak liggéey yi gnuy indi dafay amal njarign kom-komu New York mu jëm kanam te dafay yokk pexe yu ci bépp saa-New York.

Ca dëgg-dëgg,



Steve Choi
Njiit biy Dogal
Kuréelu Way-tukkisi yi ci New York



Adam Friedman
Njiit biy Dogal
Barabu Pratt ngir Askan wi jëm kanam

# TÀMBALI AB YËNGU? LI NGA SOXLA XAM?

## Noy Jëfandikoo Téeré Tektal bii

Way-tukkisi yi sen liggéeyu bopp moo tée kom-komu réew mii. Ci Goxub New York, way-tukkisi yi seeni am-am manes nakoo xayma ci 33,8% bo ko jëlee ci gni fiy yeewoo yépp, muy 7,2 milyaar $ ci linuy ci yëngu yi.[1] bu nekke limu way-tukkisi yiy yëkëti seeni mbiri bopp ëpp na gnaari yoon limu gni juddoo, néew na lool jumtukaay yu jagleel way-tukkisi yiy yor sen mbiri bopp ngir dimbali leen.[2]

**Téeré tektal bii da gnu ko yaatal ngir képp ku namm liggéey si fi, wala nga nekk fi ba noppi yor sa liggéeyu bopp, yaa xam yan këyit nga fi yor, nu jàppale la nga xam fi ngay jaar ba tek say yëngu bopp ci Réewum New York.** Téeré tektal bii ko tax a jog mooy ngeen gis bu yaatu nu dëxëgn ci ay xibaar yu ay dimbali nga xam ban xeetu yëngu mo yellu ci yaw, lan nga soxla ngir tek ko ak yan payoor ak lémpo gno lay xaar ba nga man a tijjeku ci say yëngu.

Téeré tektal bii waxul ci wàllu këyit yi lay may sagn-sagn yi gnu man a laaj ci bo waree taxaal izin wala ab liggéey. **Téeré tektal bii xelalu la ci li jëm ci lémpo.** Gnu ngi sogn way-tukkisi yin gnu seeti ci gniy liggéey ci wàll woowu gnu xelal leen ci seen nekkinun ku fi tukkisi, li seen yëngu ak lémpo yi laaj ak fignu man a yam. Boo ci bëggée yeneen leeral yëral pàcc wi gnu jagleel jumtukaay yi ci téeré tek-tal bi. Xibaar yi ci téeré tektal bi mo gi wér ba Oktobar 2018 te kenn du ko yeesal.

1. "Way-tukkisi yi ci New York" (4 Oktobar, 2017) Kuréelu Amerik bi leen di xelal ci Tukkisi bi. www.americanimmigrationcouncil.org/research/immigrants-in-new-york
2. "Wàllu kom-kom ci Dalalug way-tukkisi yi yor sen liggéeyu bopp." (8 Septàmbar, 2015)nkauffman Foundation. www.kauffman.org/what-we-do/resources/entrepreneurship-policy-digest/the-economic-case-for-welcoming-immigrant-entrepreneurs

# Tàmbali

## Gniy liggéey keneen ci seen coobare vs. Surga? (and lu tax mu mat a bàyyi xel)

Way-tukkisi yu bari dagnuy am gàlankoor jot ci liggéey yu ni fay bu baax ci Ataasini. Moom mbir mi ngay yëngu man a tax way-tukkisi bi jëm kanam ci wàllu kom-ko. Rawatina, sugnu la mayul nga liggéeyal kenn ci Etaasini, tàmbali sa mbiri bopp man nala dimbali ngay fortaatu loo dundée.

Dagnuy tere kuy jox liggéey ko xamni xamnagn ni kenn mayuko mu liggéey ci Etaasini. Gniy joxe liggéey yépp dafa war ci ngoom gnu xool baax ndax ki gnuy jël may nagnu ko mu liggéey.

- Këyitu mbindu mi mu ngi wëy I-9
- Saytu këyiti jëmal bu liggéeykat bi (lu ci mel ni nimero sekirité sosiyaal, giriin kàrt, paaspoor, añs.)

Amul benn yoon bu Réewum New York wala bu Etaasini yépp buy tere way-tukkisi bu amul këyit buko may mu liggéey mu am yëngi boppam wala mu yor liggéeyu bop-pam. Ki yor liggéey boppam léeg-léeg dina gnu koy woo-wee ‘‘ki amul kontaraa ak kenn.” Gni amul kontaraa ak kenn tu bés bu nekk la gnu sàkku ci gnoom gnu bindu ci Form I-9 jëm ci seeni kiliyaan bu gnuy tàmbali kontaraa bu bees. Bu fekkee da nga taxawal ab yëngu yaw kepp niki ni gnu ko tojee ci téeré tektal bii, wall wi ko jaaralee yoon man doxal yëngu yi, boole ci di joxe ay bagaas ak doxal ay waaw tey dug ciy kontaraa.

Niki ni gnu kay doxalee, way-tukkisi yu bari man na gnoo foraatu bu gnu dooree seeni yëngu ak xeetu këyitu bu gnu mana yor. Dafay am solo lool yaw mi yor sab liggéeyu bopp, nga tegu ci yoon bi tegu sa doxalinu liggéey, mu bokk ci ngay fay say lémpo. Da nga war a xamit ne tàmbali ab yëngu dafay laaj nga jox ay këyit kilifay réew mi ak bànk yi, terewul it nu genne la Etaasini, ak taxul it nu tek la ci yoon wu lay may ay këyit. Waaye nak, dinay faral di am, àttekat yiy saytu tolluwaayu way-tukkisi man na gnoo xool ak xol bun rafet yëngu gni yor seen yëfu bopp ak payooru lémpo yi.

## Nu gnu lay waxee ndax kenn daf la tënk ci sa liggéey

Dafay jafe wax ndax kenn daf la tënk ci sa liggéey wala da gnu la jël te saa su nekk da nga wara dem ci gni mu war gnu xelal la ci sa nekkin yaw.

Ngni dara tënkul seen liggéey da gnu nekk seeni yëngu bopp di dox ciy soxlay seeni kiliyaan. Waxu nu say kili-yaan, waaye yaw, loo gën a xam li ngay liggéey ak xaliis biy duggsi, gnu lay gën jàppee ku liggéey te kenn tënkula ku ligééeyalul ay kiliyaanam. Ci xët bi ci top di ngeen fa gis ay misaalu fi gnu bind nu nuy nàttee kuy liggéeyal nit ak ku kenn tënkul ci liggéeyam.


Bo taamoo liggéeyal sa bopp, kuréel gu wóor gi ci boppam man na nekk ci soxlay kiliyaan. Lu ci ëpp, keen du la jàp-pee ab kuy liggéeyal keneen **su fekkee yaa moom tay doxal say yëngu.** Looloo waral, nguy sogn gni yor seen liggéey bopp tea mu gnu këyit gu leen ko may:

- Moom lépp wala lenn ci li ngay yëngu, ak
- Saytu ni seen yëngu di doxee.

# Kuy liggéeyal keneen wala ku kenn tënkul?

Damay raxas kër te ay kiliyann yu wuute lakoy defal. Am-naa sit internet buy faram-fàcce xeetu liggéey yi may def. Danu may fay ci loolu, du waxtu bu nekk. Kiliyaan yi man gnu jot sama liggéey bu gnu deggoo ci internet wala ci telefon. Kiliyaan yi gnooy joxe lépp lu aju ci raxas bi

Been Njaboot laay raxasal seen kër Altine ba Aljuma 8h ci sub aba 4h ci ngoon. Dama daan waxaale liggéey bi 15 $ waxtu bu nekk ci ginnaaw ga may yokk ngir top njëgu ndund gu seer gi. Njaboot gi may liggéeyal gnooy jënd lépp limay raxasee. Danu may waccal kenn këyit gu gnuy bind lima wara def bés bu nekk. Njéextalu ayu-bés yi dinaa faral di liggéeyal yeneen njabot ngir amaat tuuti xaalis.



| | Mbindaan A | Mbindaan B |
|---|---|---|
| Yor barabu yëngu | | ✓ |
| Ay investismaŋ yu am solo ci say mbir, ak bépp jumtukaay | | |
| Gneme duggal xaliis am ci ndam wala nga gnakk | | ✓ |
| Yaay wax njëg bi ngay liggéyée | ✓ | ✓ |
| Man ngaa taamu ki lay xettali | | ✓ |
| Sagn ka bagn liggéey yu gnu la bëgg jox | | ✓ |
| Man nga liggéeyal yeneen kiliyaan | ✓ | ✓ |
| Saytu naka, kagn ak fan lay defee liggéey bi | | ✓ |
| | Dagnu ma JËL MAY LIGGÉEY | Kenn TËNKUMA CI SAMA LIGGÉEY |

# Kuy liggéeyal keneen wala boppam?

Ci wàllu xaalis laay liggéey dika defal benn këru liggéeyukaay su gnu ma soxlaa. Su ma këru liggéeyukaay bi soxlaa ngoom gnooy wax ban bés laay liggéey ak ci ban àpp. Su liggéey bi jéexee la gnu may fay waaye du waxtu wu ne. Suma soxlaa sama payoor damay yonne këru liggéyukaay ga njëg li. Damay liggéeyal yeneen këru liggéeyukaay yu bari te lu ni mel laa leen di defal ci liggéeyu xaalis. Sama kër laay liggéeye te ordinaatëer bi may ligéeyée laa koy defee.

30 w laay liggéey ayu-bés bu nekk, benn wall bi ci benn këru liggéeyukaay ci mbiri xaalis gnu may fay ayu-bés bu nekk. Léeg-léeg kër ga laay liggéeyée ci sama ordinaatëru bopp. Suma neexee, man naa bindu suma feebaree këru liggéeyukaay bi dima fac. Yenn saay dinaay jël liggéey ci yeneen këru liggéeyukaay yu ndaw su fekkee liggéeyumal kër gii.



| | Liggéeykat ci xaalis A | Liggéeykat ci xaalis B |
|---|---|---|
| Yor barabu yëngu | ✓ | ✓ |
| Ay investismaŋ yu am solo ci say mbir, ak bépp jumtukaay | ✓ | ✓ |
| Gneme duggal xaliis am ci ndam wala nga gnakk | | ✓ |
| Yaay wax njëg bi ngay liggéyée | | ✓ |
| Man ngaa taamu ki lay xettali | | ✓ |
| Sagn ka bagn liggéey yu gnu la bëgg jox | | ✓ |
| Man nga liggéeyal yeneen kiliyaan | ✓ | ✓ |
| Saytu naka, kagn ak fan lay defee liggéey bi | | |
| | Dagnu ma JËL MAY LIGGÉEY | Kenn TËNKUMA CI SAMA LIGGÉEY |

# Ay pexe ngir tànn say xeetu yëngu

Léegi nak ginnaaw dogu nga ngir tàmbali ab yëngu, di nga soxla ràgne ban xeetu yëngu moo gën ci yaw! Pàcc bi daf lay jox ay xibaar nga xam lan ngay taamu ngir tek say yëngu.

Tek yenn yëngu yi dafa jafe ciy këyit ba noppi njëg yi yombul. Amna ci yeneen yëngu yu yomb door, te li gnu la ci laaj bariwul walu du gnu la laaj dara wala xanaa li manul gnàkk, waaye boroom yëngu yi man na ci gnàkk xaalis bu takku. Ngir nga tànn yoon bi gën a yomb bi ngay jaaralee say yëngu, daf ciy am solo lool nga xam yenn tërëlin yi manul gnàkk jëm ci nooy dooree ay yëngu ci Réewum New York.

## Aar Sa Alalu Bopp

Ab yëngu man na nekk lu jaar yoon lu gnu tàqale ak ki moom yëngu gi. Lu jaar yoon lu ci mel ni nit, amna sagn-sagnu waxtaan ba juboo wala liggéeyal kenen, man nagn ko jox wala leebal, man nagn yobbu ci yoon wala mu yob-bu fa nit, ak top ko li man a am ëlëg.

Say yëngu su fekkee yaw ak keneen yeen na ko moom manees naa **gnoo gnàkk wóolu** say jëf wala kàddu. Ni gnu lay abale xaalis mu ngi tënku ci lu ci ëpp ci xaalis bi nga defal sa bopp ci li ngay yëngu. Say yëngu su fekkee yaw ak keneen yeen na ko moom te gnu yobbu leen ci yoon, sa alalu bopp lu ci mel ni kër wala oto, lu ci ëpp mucc na gnu gnu nangu leen ci yaw ngir fayee ko bor bi joge ci say yëngu. Beneen njarign bu joge ci doxal say mbir yaw ak keneen mooy ne lëkkëlóo bi man a def yëngu yu gnu maye su fekkee sax ki moom kenn mayu ko muy liggéey wala doxal ay yëngom nekk ba bitim réew.

Ci téeré tektal bii, da nuy tënk njëg ak njarignu xeetu liggéeyin yii gnu man a door ci Réewum New York ngir yamale sa yëfu bopp: Bokk gu Mat, Këru Ligééeyukaay ak cër yu yam ak gni ci liggéey.

So bëggee **bokk bor yi ci mbir** yi nga bokk ak keneen ci sa yëngu:


- Fexeel ba sa alalu bopp ba gna dug ci li ngay yëngu
- Tijil weneen kont ca bànk ba ngir say mbir
- Jëfandikool turu liggéeyukaay bi ci say kontaraa ak piblisité (bum doon sa tur)
- Utal beneen nimero lémpo (EIN) ted eel fay say lémpo ci sa turu liggéeyukaay fu gnu ko soxlaa ak nu gnu ko soxlaa.

## Luy ITIN?

Soy liggéey xaalis wareef la ci yaw nga fay lémpo. Ab Ni-mero Fay Lémpo (ITIN) din a génn ki ko defar di Kuréel biy Saytu Am-am yi (IRS) jagleel ko gni nga xam ni ma gnu am nimero kaarànge dundin waaye da gnuy fay ay lémpo. Boo amee nimero kaarànge dundin (SSN) ma noo bindu ci ab ITIN. Bu dee sax sa këyitu liggéey dafa jeex, sa SSN dina wéey di la amal njarign Ci say lémpo. Man nga it jëfandikoo ITIN ngir jot ci liggéeyu koppar yépp mu bokk ci jot ci ab leb wala tijji kont ca bànk ba, ak këyitu tukki boo man a yor. Ngir yeneen leeral, demal xool Your Money, Sa Eleug! Téeré bu lay tektal ci lu yomb nooy Jàngee Ligéey Xaalis ak Dooleel sa bopp, ab jumtukaay buy dimbali waytukkisi gnu xamal seen bopp yoonu xaalis yi am.

## Luy ITIN?

Lu aju ci lémpo ci Etaasini yépp ak yu Réewum New York, bépp yëngu bu am ay liggéeykat war na am Nimero Boroom Liggéey yi (EIN). Benn Liggéey Bi ak li ëpp ci Liggéey yi Nga Bokk ak gneneen (LLCs) da gnu war a am EIN. Naka jekk, bànk yi da gnu laaj EIN kuy yëngu soxla tijji kont ca bànk. Soo bëggee am ab EIN, da ngay bindu ci Form SS-4 ("Xarala bi gnu Jagleel Nimero boroom Liggéey yi") ci IRS wala nga bindu ci sa telefon wala ci internet.




## Xam say Wareef ci Limpo bi jëm sa Yëngu

Ak këyitu tukkisi boo man a yor, képp kuy liggéey xaalis ci Etaasini war na fay lémpo réew mi yépp, gox bi ak dëkk bi. Payum lémpo gi dafa aju ci mbir yu bari mu bokk ci ndax da ngay bindu niki ku sëyul wala kuy sëy, li ngay fay at mi yépp bu gnu ko boole, ak fan nga dëkkee ci Réewum New York.

Lu ci ëpp, lu sa tërëlinu yëngu gën a oyof li ngay fay ci lémpo di gën a oyof. Am na ci tërëlinu yëngu yu lay may nga jëlée li nga am ci alal ci sa liggéey yobbu ko say lémpo, mu yombal waajalug fayum lémpo gi ci boroom liggéey yi.


**Gnu ngi leen di gnaan génn bagn a jàppee téeré tektal bii ni lu leen di xelal ci lémpo. Way-tukkisi yiy liggéeyal seen bopp gnu ngi leen di sàkku ngu dem taantaani diglélu gni xaragn ci liggéeyu lémpo.** Ci jumtukaay bi wan nagnu leen kuréel yi xaragn ngir taxawu leen ci mbirum lémpo ak seni yëngu.

# Taarixu Gnaar Gnuy Yëngu

## Limited Koolute Company*

Gnetti xarit dagnu tek yëngu wu yaatu. Gnu bind seen yëngu ci Lu Bokk Ku nekk am foo ci yem (LLC). Seen LLC Ku ci nekk amna lumu moomal boppam.







Ku ci nekk ci gnoom def 400$ ci yëngu wi mu tàmbalee ci lu ndaw tek ci **liggéeyukaay bi jot** xaalis bu leen bànk.

Yëngu wa doxul mu mujjee tëj ginnaaw weer yi néew gnu jëlée ci boru 8.000$.




Gnàkk gi ci 400$ yi ku nekk joxewoon kepp la yem ak bépp alal bu yëngu wi juroon.





Ngi moom liggéey bi dara waru leen ci bor bu LLC te seeni alalu bopp mucc na.



## Kenn Kepp ku Moom

Kenn kepp dafa tek yëngi boppam yu yaatu. Moom ak yëngu wimu tek wenn say la ci gis-gisu yoon.






Dafa def 400$ yumu dajale **jël** kàrt keredi jënd jumtukaay yu jëm ci yëngom wu bees wi.

Yëngu wa doxul mu mujje tëj jële ci boru 8.000$ ci kàrt keredi bi.




Ki moom mom kepp gnàkk na 400$ yu mu duggaloon te léegi nak moom la gnuy top mu fay boru 8.000$ kàrt keredi bi yokk ci ay ndàmpaay.




Su fayul bor bi, këru liggéeyukaay dina gnu dem nangu ci alalam yi mu moomal boppam fayee ko bor bi, mu bokk ci otam, këram ak limu denccal boppam!



*Da nuy sukkàndiku ci LLC ci misaal bii, waaye yeneen xeetu tënku yu nu waxtaané ci biir téeré tektal bii tamit da fay tënk sagn-sagn yi.

# JUROM BENNA TEUREULINU YENGU

Dafa am jurom ben xeetu momel yëggu si diwanu New York yiga xamantani ňi tukke bitim rewu daňko wara xam si senni liggey. Yoyi modi yii ni:

- **Benna këru liggeeyukay**
- **Yeneni dimbalikat**
- **Dimbalikat bu yam**
- **Leukeulo Liggeeyukay bu Yam (LLC)**
- **Jëfandikukat**
- **Kurrelu Liggeykat**

Biile teetal day jooxe benna gisgis si tërëlinu jurom yëggu yu jëk. Mënnaňo teg Benna kurrel ak yi, LLCs, wala jëfandikukat yi. Daxte tërëlinam bu xawa doy war, biile teetal du xus lu sorri si yëggu lumuy lacce ak say waaref gir aamal benna kurrel. Gir ga am yeneni xibar lu jeum si kurrel.

# Benna këru liggeeyukay

Benna këru liggeeyukay moy tërëlinu yëggu bu geuna yomb biga mëna jeufeudiku gir aamal ligay yëggo ak bu geuna yomb biga mëna def. Mënga done legi ki aamal benna këru liggeeyukay su fekke jooxega ay serwis wala jayoon ay marsandiz tonte amul benna keuyit biga binda yow ak gornamang bi. Jëggu tambali bi daňo suffe daxte amul xalis boy faaye wala binda ay keuyit kom niko tërëlinu yëggu lacce. Sa keuyitu am am yëggu nek si koo-par bigay faayat, daxte koopar bigay faay dafadone li yomb.

**Li di Tënk si di aamal benna këru liggeeyukay**

| | | |
|---|---|---|
| # ňi moom | **1 ki moom** | Niit ki mo di kenna ku mom yëgguwam. |
| Tambali-gi | **Lu gëna yomb tambali** | Dinaňko def su fekke tambaliga taxawal ay yëggu. |
| Faay yi/ Keuyit yi | **Si daara basi diig bi** | *(Sula neexe)* Lu waar liga wara binda, ga xamantani si deuk yi lay wutte, gir Keuyit buy Woone Tur am su fekke keuyitu yëggu am dafa wutte ak kiko mom. |
| Koopar bigay faay lu jeuk | **Lu gëna yomb** | Sa keuyit biy woone liga am sisa yëggu si liňila dello si koopar niga faay. |
| Koolute | **Sa tolof tolof yu kawe si koopar gi** | Ki mom yëggu am mo wara faay bep ay bor ak waareef si yëggu am bim, ak liga am si kom dafa nek si njaqare. |
| Yi topp si Lacce yi | **Daara lu toppul si meeyat benen aap/ bind yi** | Aamato gir jeebal bep binda ak kurrel bumu mënta done si gornamang bi gir nekkal benna këru liggeeyukay. |
| Baxna gir | Serwisu defarukay elektronik, zardiňe yi, ňi xool kër gi, yaarkat yi, bindakat yi ak artist yi. | |

# Lep lu jeum si Leukeulo

Leukeulo bu yaatu dina dox bu bax gir ňar wala lu eup si ňi mom ab yënggu te di weur gir bokku koolute si koopar wala njanqare ak jeul ay ndogal si yënggu senni biir. yiile liggey gir ňi mom yënggu di wooluwante daxte kenna ku nek dafa done kiilifa si ndogal yi ňenen yi di def.

Lusi melni benna moomel, amna ay keuyit yu ndaw yuňu waara te.g gir leukeulo bu yaa. Mënga legi nek si leukeulo buy aa su fekke danga dugu si yënggu ak kenen ak tamit def sa bop ni kuy leukeulo si ay yënggu. Daňo dingle ňi leukeulo ňiiy deego si kaddu, si benna keuyit buy teetal kenna ku nek waareef am ak liko waar, ňatta la kenna ku nek jotta jooxe si koopar, ak nakala ňi leukeulo di wax-taane senni jafejafe. Su fekke rek dax amna benen keuyit buňu binda di wax lenen, bep aam aam ak ligenna ňak digenne ko seedo si senni biir. **Danga waara xool kilay jaapale si yoon gir deefar deego si leukeulo.**

Kom nimu neke benna momel, ligay aamal sa bop si koo-par aaruňuko si lep lu jeum si leuekeulo, ak ligay aamal sa bop si koopar daxam benna bok mëna don sa galankoor dax ndogal yu yees ňenen ňiga leuekeulo di jël.



## Ay Deego si senni leukeulo

Benna deego si ňi leukeulo dafa keuyit bu am solo lolu buy wax lan moy aak ken ku nek si yen ak waareef am si yënggu bi. Ay Deego si senni leukeulo dafadon luňu diggël lolou daxam lep lu jeum si leukeulo buy aa ak daňlen di laaj leukeulo yu yam. Benna deego si leukeulo daay tontu yiile lacce:

- Ňatta la ken ku nek si ňu bok la jooxe si koopar?
- Lan moy waareef ken ku nek si yen?
- Naka lay ňi leukeulo jeule ndogal?
- Naka lay ňi leukeulo seedo senni benefis e liňi ňak?
- Naka lay ňi leukeulo utt ay safara si jafejafe yi?
- Lan moy xew su fekke kenna si yen gor/jiigen dafa wax ni day bayi yënggu am wala jay benefis am si yënggu bi?

## Lii di Teunk leukeulo bu yaa

| | | |
|---|---|---|
| # ňi moom | **2 ňi moom** | Niit ki mo di kenna ku mom yëgguwam. |
| Tambali-gi | **Lu gëna yomb tambali** | Dinaňko def su fekke tambaliga taxawal ay yëggu |
| Faay yi/ Keuyit yi | **Si daara basi diig bi** | *(Sula neexe)* Lu waar liga wara binda, ga xamantani si deuk yi lay wutte, gir Keuyit buy Woone Tur am su fekke keuyitu yëggu am dafa wutte ak kiko mom. Benna keuyitu buy fiirde deego si leukeulo daňko diggle bub ax. |
| Koopar bigay faay lu jeuk | **Lu gëna yomb** | Ňiiy leukeulo daňo wara wonne liňi am si koopar si yëggu bi si senni kooparu bop buňu faay. Benna keuyit buy firde dello si kiga leukeulo warna am. |
| Koolute | **Sa tolof tolof yu kawe si koopar gi** | Kenna ku nek worna meuna wool ulu kenen ňenen ňi di def. Ligay am si benefis mëna am galanqor. |
| Yi topp si Lacce yi | **Daara lu toppul si meeyat benen aap/ bind yi** | Soxlawul gay jeebal daara gornamang bi gir mëna yoor sa yeelef si yoon sisa yënggu. |
| Baxna gir | Yënggu Njaboot gi • Ňi bok fekk amnaň jokkalante-bu yaag ak kollute senni bir. | |

# Leukeulo bu Yam

Si benna leukeulo bu yam, dafa am ňarri xeetu ňii mom, leukeulo bu yaatu ak benna bu yam. Benna **leukeulo bu yaatu** numuy dooxe dafa nuro ak ki mom ba pare yoor benna moomel wala leukeulo bu yaa ga xamni daňi topo-to yënggu bi ak leukeulo buňu yaamale, di def ay jeufleunte, wala jeule ay ndogal ak tamit jeuf si turu bokgi.

**Benna Leukeulo bu yam** dafadon inwestir bu bayeku. Daňi inwestir xalis ak tamit senni waala si benefis yi wante mënuňu topoto bes bu nek jeufleunte yu dem si yënggu bi wala di jeuf si turu kimu bokkal. Li wutte ak ňimu leukeulo lu yaa, lii di benefis kenna ku nek si leukeulo bu yam daňko aar. Kollute bu yam ňi bokk dafa yam si xalis buňu def si yënggu bi.

Benna Yënggu ňu leukeulo bu yam day lacce liggey bu geuna beuri gir tambali ke benna moomel wala leukeulo buy aa daxte danga waara binda benna keuyit ak wa Ku-rellu Diwanu New York (DOS) ak faay tamit liidi koopar gir jokko bi. Biile tërëlinu yënggu dafadon lu baax gir ňi mom daadi am ňulen ndibali si koopar te fekka beuguňu doxal yënggu bi wala yoor waareef gir leukeulo bu yaa si ndogal yënggu yi. Tërëlin yi si leukeulo bu yam daňko wara teunk si keuyitu Deego si Leukeulo (nanga xool xët 17).

## Xibaar yu nek si Yeuglekay yi

Leukeulo yi bu yam ak Liggeyukayi Yuňu Wole te Yam daňu beug si mom ňiiy woone naka la senni yëngu tooge si ňarri yeuglekay yu wutte lu tollu si jurom benni samen. Fek miigi laalu si deuk bi, jeugu këyitu yeuglekay meuna done lu seer.

### Leukeulo bu **Yaatu**

- Nanga dugeul xalis ak jot senni waala si benefis bi
- Topoto yënggu bi ak jël ndoogal
- Daadi jeuf jemaleko ňumu leukeulo
- Mom si bop am mu done kuňu woolu gir ay leb yënggu bi. (kenna ku mom yëggu mënna defar benna mbir buňu xaajale tek ko si yoon gir jëriň Leukeulo bu Yaatu gir indi koolute bu yam, wante lolou dakoy jaafel.)

### Leukeulo buňu **yamal**

- Nanga inwestir xalis ak jot xaace si benefis yi
- Topotowul yënggu am
- Mënul jeuf si turu leukeulo bi
- Sa benefisu bop daňko aar. Toloftolof yi si koopar migi tegu si inwestismang bu jeuk.

## Lii di Teunk leukeulo bu yaa

| | | |
|---|---|---|
| # ňi moom | **2 ňi moom** | Dafa am ňarri xeetu moomel ak tamit lu melni benna bu nek daňko soxla: leukeulo buy aa ak leukeulo bu yam. |
| Tambali-gi | **Lu gëna jafe gir tambali** | Keuiyit yiga soxla gir taagat:<br>▶ Keuyit buy woone Leukeulo bu Yaam<br>▶ Keuyit buy woone Siiwal & Siiwal liga Waat si Keuyit (buňu siiwale yeuglekay bi) |
| Faay yi/ Keuyit yi | **Si daara basi diig bi** | $200 koopar buňu faay, $50 gir Keuyit buy Siiwal faay koopar, ak $600-$1,200 jeug gir faay siiwalu yeuglekay. Benna deego si leukeulo dafa wara am. |
| Koopar bigay faay lu jeuk | **Lu gëna yomb** | Sa Keuyitu buy wooni ligay am si koopar si liggay faay sisa am am. Benna xibaar buy dello gir leukeulo daňko wara binda tamit. |
| Koolute | **Sa tolof tolof yu kawe si koopar gi** | Kenna ku nek si ňu leukeulo si lu yaatu ňo am waareef gir ay leb si yënggu bi. Koolute leukeulo bu yam dafa yam si luňu inwestir si senni yënggu. |
| Yi topp si Lacce yi | **Waw** | Benna keuyit buy deego si leukeulo daňko soxla tamit ňi leukeulo daňko wara siife. |
| Baxna gir | Ňi di yënggul senni bop dadi a ňiňu leukeulo ba pare beug inwestir wante fek beuguňu jël ay ndoogal wala koolute sisenni bop. | |

# Deego Liggeyukay bu yam

Li di Deego Liggeyukay bu Yam (LLC) dafay feexe dengo bu yam wala wanňi toloftolof su dugeul koopar si yëngu, benna mbir bu am solo si kaw benna moomel ak tërëline yi. Si kawu yoon, ňi am moomel ak kep ki mom dina am karangue si benefis yumuy am. Gir ňi meuna teeye senni koolute bu yam, ňi am moomel daňo waara ubbi dencukay xalis si bank ba yuňu xaajale gir LLC, nanga in-westir koopar bu am solo gir LLC dax mu meuna faay de-pens yi, te ňi baňa boole senni benefisu bop ak benefis yu tukke si yënggu bi tamit baňa jëfëdiko kooparu LLC gir say depensu bop.

Ňi yoor moomel, te ňi geunalen ranňe si LLC, meunaňu tan gir topoto senni yëungu senni bop wala tan ňiy topo-to yënggu bi. Ňiy topoto meunaňlen xoole ni liggeykat fofu legi daxte daňlen wara joox ndogal gir. **Yoon bi si bobu wala donul lu woor, niit yiga xamantani juxuňulen ndoogal ňi liggey daňo wara utt teetal tegu si kaw yoon bala ňiilay tan ga done kiy jiite LLC tonte sax daňodone ňi yoor moomel si LLC.**

Ňi bok si LLC meunaň tan nakala LLC di faaye koopar suňuko tegge. Tonte benna binda laňu def and ak ranňekay beut ak IRS gir am LLC muy faay koopar nii keur liggeyukay bu mag, ňi yoor moomel dinaň binda senni benefis yënggu si senni koopar yuňu faay si dello. **Ňi bok si LLC wornaňu xool ku xaaraň kilen di seetal koopar yuňu faay jeum si senni tannef yi.**

## Deego si jëfandikoo

Benna deego si jëfandikoo dafadon keuyit bu am solo bu LLCs jeufëdiku buy wonne ay yeelef, ak ay waarefu ňusi bok, ňusi liggey wala boksi. Deego si jëfandikoo mënnaň ko def bala, si waxtu bu, wala si 90 ay bes toftal si binda niko Sharte yi Kurrel bi têreule.

## Lii di Teunk leukeulo bu yaa

| | | |
|---|---|---|
| # ňi moom | **1 ňi moom** | LLCs mënna ken ku bok - si ňi moom wala ňu bëri si gnu bok si ňi mom li di LLC. |
| Tambali-gi | **Lu gëna jafe gir tambali** | Këyit yigay soxla gir taagat:<br>▶ Saartu Kurrel bi.<br>▶ Keuyit buy woone Siiwal & Siiwal liga Waat si Keuyit (buňu siiwale yeuglekay bi). |
| Faay yi/ Keuyit yi | **Seer** | $200 koopar buňu faay gir Saartu Kurel bi, $50 gir Keuyit buy Siiwal, ak $600-$1,200 jeug gir faay siiwalu yeuglekay. Benna deego si leukeulo dafa wara am. |
| Koopar bigay faay lu jeuk | **Xaawa jaafe** | Benna LLC dafa am ay taanef yu beuri laalu si tërëlinu yënggu ak liimu ňusi bok. |
| Koolute | **Koolute bu ndaw/ Toloftolof si koopar gi** | Yënggu bi dafa done lu ay mbir yuňu xaajale laalu si yoon tukke si ki (ňi) mom yënggu. Ňi moom daňo am deego bu yam te duňulen woole tanke aamuňu koopar bu woor buňu meuna inwestir si yënggu. |
| Yi topp si Lacce yi | **Waw – lu toppul si meeyat benen aap/ bind yi** | ▶ Jap benna deego si jëfandikoo fi ak 90 ay bes buňu binda Keuyit buy firndel Kurrel bi.<br>▶ *(Sula neexe)* Di def ay ndaaje digante ňusi bok/ ak njiit yi.<br>▶ Dence ay mbir si lu genna def si yenna LLC ak keuyit yuy firnde koopar bigen fay.<br>▶ Ňarri at yu nek nanga def si keuyit Ligen teunk si ňarri att gir/jooxe address bu bes bi. |
| Baxna gir | Ňi moom te ňu beug denci senni am am wala koopar xaajaleko ak senni yënggu tamit mënnagn topoto lii di lacce yi di weey. | |


# Jëfeudikukay

Jëfeudikukay daňkoy jëfeudiko gir yënggu bu yaatu ak ňi moom daxte day jooxe mën mën si ňi bok. Benna bok day woone linterewu ki moom si Jëfeudikukay. Teg benna Jëfeudikukay day laaj benna koopar bu takku si kayitu liggey te dafa am ay njeug yuy wee yak ay lacce si wallum yoon.

Jëfeudikukay bu nek dafa wara am lu tegu-si yoon, paacu ay njiit, ak ay tak deer. Suňu taxawale kurrel bi, ňi bok mbir mi daňo wara yoor benna kurrel buy daaje gir gni meun def lu yoon ndigle ak tan ay njiit. Benna jëfeudikukay nekkul lu geune si teurelinu yëngu gir kuy liggeyal bop am di dooga tambali benna yëngu. Benna LLC day meeye bep benefis s bep kurrel buy tambali yëngu bu ndaw ki mom ak jafe yu ndaw, taaweku lolu ak geuna yomb gir topoto.

Si kanam, têreulinu jëfeudikukay dafadone si lu beuri lu mëna am ay tolof tolof gir ki jogge bitim reew di liggeyal bop am fek amul ndogal liggey. Su fekke ki di liggeyal bop am migikoy def yëngu melni ki bol si jëfeudikukay, wala kurrel bi mokoy faay, dinaňko jaape ni liggeykat. Gir ga mëna xam ni sa yëngu taxaw na te migi dox di teunku sib ep saartu yoon yi, bok si koopar yoon biňi waara faay guur gi ak diiwan bi, nanga feexe ga am kilay xeelal si yoon sou teug say têreulinu yëngu. Koopar biga waara faay gir topo-to sa jëfeudikukay dafadon li jaafe ba pare weesu na njoorte bi teetal.

## Têreulinu Jëfeudikukay




Kenna ku jënda liňi bok si jëfeudikukay bi ak tamit am benna pacce bumu mom si liggeyukay bi si kaw naka laňu bokke liňi mom. Su fekke benna jëfeudikukay daňko taxawal, lussi geuna barri ňiko mom ňoy ňu jeuk ňikoy bok.

Benna kurrel niit yuňu taan girr aar linterewu liňi bok. Njiit yi tamit mënnaňi done ňi bok wante lolu du luňu diggle. Benna kurrellu njit dafa wara am lumu tuti benna njiit. Njiit yi ňo wara seet, ak jeul ay ndoogal si ay jafejafe yu geuna mak si liggeyukay bi.

Ki yoor ay jeufleunte si yëngu sa su nek ak am kaatanu ndoogal si yëngu takku ak jeufleunte. **Tak deer yi mënnaňlen jaape ni ay liggeykat teunku si yoon ak dilen lacce ňi fiirde senni nekkin si yoon gir liggey si U.S**

## Teunku Leukeulo bi

| | | |
|---|---|---|
| # ňi moom | **1 ňi moom** | Jëfeudikukay si lu beuri daňi am ňi mom lu beuri, ňilend wowe ňii bok, wante mënnaňko taxawal ak kenna ki bok rek. |
| Tambali-gi | **Lu gëna jafe gir tambali** | So pare binda Keuyit buy Jokkale benna kurrelu ndaaje warnaňko aamal gir jeufe li yoon wax ak taan kurrelu njiit (yi). |
| Faay yi/ Keuyit yi | **Lu seer lolu** | $125 koopar buňu faay gir Keuyit buy Jokkale dafa wara am gir tambali benna jëfeudikukay. Benna jëfeudikukay dinadon ay jeug yu am solo gir yoon ak /wala koopar yuňu teg. |
| Koopar bigay faay lu jeuk | **Xaawa jaafe** | Ňii mom yëngu ňongilen di digeul ňi seet kenna ku xaraň si faay koopar gir xam lan laňi wara def gir faay koopar. |
| Koolute | **Koolute bu ndaw/ Toloftolof si koopar gi** | Yëngu bi dafadone benna bir bu xaajalo ak ki moom yëngu. Koolute ki mom dafa yam si inwestismang koopar si yëngu bi. |
| Yi topp si Lacce yi | **Waw – lu toppul si meeyat benen aap/ bind yi** | ▶ Att bu nek & Ndaajewum ňi bok buňu ranňe.<br>▶ Luňu yoonal ak & Ndaajewum Njiit yiňi ranňe.<br>▶ Aam ay simili & lenragistramang gir kurre, keuyitu koopar yuňu faay.<br>▶ Ňari att yu nek nanga binda benna kaddu ňarri att gir ndoogal/ adres bu bes. |
| Baxna gir | Yëngu yu yaatu am ňuko mom ňu beuri te soxla inwestis-mang bu beuri ba pare beug genna ak jay ay moomel. | |

# Benna Mootale bu gaw – ban tëreuline yëngu mo baax si yow?


| | Benna këru Moomel | Dimbalikat bu Yaatu | Dimbalikat bu yam | Deego ak Liggeeyukay bu Yam | Jëfandikukay |
|---|---|---|---|---|---|
| # ňi moom | Baxna gir | 2+ ňi moom | 2+si lu Yaatu & Leukeulo bu Yaam | 1+ si Ňu Bok | 1+ si Momel yi |
| Tambali-gi | 1 ňi moom | Jaaafewul | Xaawa Jaafe | Xaaw Jaafe | Dafa jaafe lolou |
| Faay yi/ Keuyit yi | Daara/ lu Yaam | Daara/ lu Yaam | Xaawa Seer | Xaawa Seer | Dafa Seer lolou |
| Koopar bigay faay lu jeuk | Bu Yomb | Yaamamay | Si Diggeunte bi | Si Diggeunte ba jaafe | Dafa Jaafe Xam |
| Koolute | Lu Kaawe | Lu Kaawe | Kaawe gir ňi Leukeulo bu Yaatu | Lu Yaam | Lu Yam |
| Yi topp si Lacce yi | Kenna | Kenna | Yenna rk | Yenna rk | Luňu Yaatal |

# Ňii di liggey si boole

Ki di liggey si boolo dafa done benna xeetu yëngu figa xamantani liggeykat yi daňi moom ba pare topoto benna yëungu. Liggeykat yi yenna say daňi dimbal ak koopar benna kurrel gir bok si ňi moom lolou moy waaral ňi njoot benna pace si benefis yi. Si bobu le bir, liggeykat bu nek dafa am baatu ndogal si ndoogal yu am solo yuňu wara jeule jem si yëngu lusi melni nangu jooxe ay leb, ay kon-tra ak nangu ňu bes ňi bok.

Benna Kurrel kep ku am tëreulinu yëngu mënnako taxawal kom niňiko waaxe si biile teetal lu si melni leukeulo, LLC, wala kurrel. Yenna say kurrel yi daňi jeufeudiko tëreulinu LLC daxte dafa oyof ak lumuy lacce beuriwul si koopar gir defar ak yoor lu utte ak benna kur-rel ak limu soxla di ňi am moomel yu beurin lu utte ak ay leukeulo. Benna kurrelu LLC daay def deegoo bu yam si ňu bok. Kurrel yi meunna feexe arr ňi jogge bitim reeww tef ek woruňu nek si reew bi daxte daňlen di noot di saaci senni xalis wala yeneni xeeti sonal suňu liggey ňom rek.

Deukku New York dafaa am Kurrelu Liggeykat yu Leukeulo si Yoon te mu am ay tëreulina ak doxaline jem si bok si, seedo ak seedale benefis ak luňu ňak. Gir ga am yenen xibaar, balňu ga yeur pace bu8u am mbiir yi si teetal bi.



# Fiiri yi

### Waat buňu teunk si keuyit
Benna kaadu buňu binda ba pare siife ko ňi leerlu ko si kenna ku am ndigle bi tegu si yoon, lusi mel noter

### Kurrelu njiit yi
Benna kurrelu ay niit ňow taan ňuy teewal ňi bok si liggeyukay bi ak ubi benna gis gis bu yaatu si yëngu ak jeul ndogal yu geun yi.

### Kiliyang bi
benna niit wala yëngu di am ay serwis yu tukke si kenen ku bokkul fenna.

### Ki di lggeyal bop am
Benna niit buy defar ak jeufee senni yëngu bop.

### Liggey-kat
Benna niit wala ki yoor yëngu bi gir koopar buňu faay ak saartu jeul niit mu liggey si benen niit.

### Nimero Ranňewukay Koopar kenna ku nek di Faay (ITIN)
Benna Nimero lay Serwis bi yoor Luňu am si Koopar di jooxe niit yiga xamni amuň benna nimero karange gir aar wante daňo wara faay ay koopar.

### Serwis bi yoor Koopar bu Cibir (IRS)
Kurrelu Diwan Gornamang diwan bu yoor wallum jël koopar yuňu faay.

### Koolute
Tolluway si yoon wala yorum koopar wala toloftolof bu leukeulo ak yëngu.

### Ki bok
Si benna Deego bu Yam Liggeyukay (LLC) ňi moom ňodi ňusi bok.

### Takk Nder
Takk Nder yi ňoy def lep luy operasiong bes - bu nek Kur-rel Njiit yi molen tan, takk nder mënnaň tamit nek ňi taaxawal/moom ak yeena liggeykatu kurrel bi.

### Leukeulo
Tëreulinu yëngu figa xamantani ňari wala yenen niit moom yëungu. Si benna leukeulo bu yaatu, ňi leukeulo daňi seedo ay yoorinu topoto. Si benna leukeulo bu yam yenna ňu bok daňu topoto yëngu bi ak yenna yu bok daňi inwestir rek si yëngu wante ňi bokk yep daňo yoor yëngu.

### Ki Moom
Ki yoor Yëngu

### Ňi bok
Ki bok moy kenna ku jeunda ay moomel si liggeyukay bi wala kurel bi. Ňi moom daňo yoor pace buňu seedo si senni kurrelu inwestimang.

# Ay keuyit yu am solo

## Saartu Kurrel bi

Benna keuyit buy teetal si turu si deego bu yam si liggeyukay (LLC), deuk bi ak addres bi done luňu lacce gir taxawal bennna LLC. Li di LLC daňkoy taxawal waxtu buňu binda Sartu Kurrel bi wala benen waxtu buňu jap si Saartu Kurrel bi, fekk du weesu 60 ay bes tambaliko si bess buňuko binde.

*Kurrel Gur gi mokko binda*

▶ **Deego Keuru liggeyukay bu yaam**

## Kaddu buňu degmal si ňarri att

Ňarri att yu nek NYS LLCs ak kurrel yi daňlen di lacce ňi binda benna Kaddu Ňarri att yu nek ak faay benna koopar bu tollu si $9 gir deugeul wala bessalat adresu yëngu bi.

*Kurrel Gur gi mokko binda*

▶ **Deego Keuru liggeyukay bu yaam** ▶ **Kurrel**

## Gir – yoon yi

Benna keuyit bugnu binda buy wax nakala kurrel bi di dooxe. Bi xibaar bok nassi nakalaňu taane ay njiit yi, naka-la ndaaje yi lagnko defe, ak yan gnoy aak yi, waareef ak kaatanu gni bok, njiit yi ak takk nder yi.

*Benne keuyit bi Kurrel bi moko wara dence*

▶ **Kurrel**

## Keuyit buy Firnde dagen nangu Tur

Benna keuyit rek su fekke turu keuyit bi dafa wute ak ki mom yëngu bi.

*Ki yoor ndoogal Ndiwan bi*

▶ **Benna moomel** ▶ **Leukeulo bu Yaatu**

▶ **Benna pace buy wuyoo si benen tur bunekul tureum si yoon**

## Keuyit buy fiirde Nekkin cibir

Benna keuyit buy ranňe tur bi ak adresu kurrel bi. Nek-kinu kurrel bi bamuy am moy bis bëňu binda Keuyitu buy Firnde Nekkin cibir wala bene bes lawon (digeunte 90 ay bes) kom nuňuko teunke si Keuyit buy fiirde Nekkin cibir.

▶ **Kurrel**

## Keuyit Leukeulo bu Yam

Benna keuyit la buy woone tur yi ak xibaaru kiňi leukeulo dadi nek si deego leukeulo bu yam.

*Kiko binda moy ki Yoor Diwanu Beureb bi*

▶ **Leukeulo bu Yam**

## Kuyit buy Siiwal

Keuyit biga jebbalon gurgi ak waat buňu teunk si keuyit ga boolewon ak li war si yeuglekay buňu siiwal gir tambali benna leukeeulo bu yam wala LLC (nanga xool page 19 ak 22). Keuyit buy Siiwal bobu dagnko wara binda fii ak 120 ay bes baňi binde ba pare Keuyitu Leukeulo bu Yam wala Saartu Kurrel bi.

*Kiko binda moy ki Yoor Diwanu Beureb bi*

▶ **Leukeulo bu Yam**

▶ **Keuru Liggeyukay bu Yam**

## I-9, Keuyit Xolukay dax Meuna Liggey

Benna keuyit bugnu soxla gir liggeykat yep gir woone ni meunnaňu liggey si Amerik dadi deupo ak yoon. Sa liggey-kat dafa wara jot benna I-9 keuyit ba pare muy feexe ňii yoor seetlu gi bayeko si guru Amerik yugnu tan.

## Ndeego si Jeufine

Nanga ranňe aak yi, kaatan yi, tanneef yi, fumi wara yam, wala waareef yi. Ndeego si Jeufine bobu meunaňko dugul bala wala fi ak 90 ay bes banga binde Saartu kurrel bi.

*Ki di LLC warna denci benen keuyit bi*

▶ **Deego bu Yam si Keuru Liggeyukay**

## Deego si Leukeulo

Luňi digle gir leukeulo bu yaatu ak li war gir leukeulo bu yam, daňko ak fiirde deego yi, aak yi ak waareef yi si gni seeka yëngu yi.

▶ **Deego bu Yaatu** ▶ **Deego bu Yam**

# Jeufeudikay

## Kurrel yi Gornamang Reewu NY:

### Diwanu Beurëb, Paccu Kurrel yi ak yeneni keuyit yi, Li Beurëb Denci, ak UCC

www.dos.ny.gov/corps/
Xibaar yi si xeetu keuyit yi ak yenen keuyitu yoon yuňu meuna soxla gir ubboi wala yokku benna yëngu si Beurëbu New York.

### Yokkute Guru Diwan bi, Programu Ndimbal jeum si Lig-geyal sa bop

esd.ny.gov/entrepreneurial-assistance-program
Programu Ndimbal jeum si Liggeyal sa bop (EAP) dafa teg lugnu wax beurëbu EAP si deuku yu ndaw yi si diwanu New York bi yep gir indi ay teetal, taagat, ndimbal si wallu masine yi ak serwisu ndimbal niit ku nek ga xamantani dafa tambali lu yaagul yëgu bop am wala dafa beug tamba-li benna yëngu.

### Liggeyukay New Americans (ONA)

1-800-566-7636
www.newamericans.ny.gov/business
Liggeyukay New Americans dafa am 27 au beurëbu ndimbal si diwanu New York bi yep gir joox kep ku jogge bitim reew jangal la ak si walu kom lusi melni japale si yëngu bu ndaw

### Beurëbu Ndimbal gir Yëngu bu Ndaw (SBDC)

1-800-732-7232
www.nysbdc.org/
Jaaraleko si beurëbu leukeulekay si 24 diwan yi, Beurëbu Ndimbal gir Yëngu bu Ndaw Bu New York (NYS SBDC) day jooxe kalite bu baax, do faay dara wara lu tuti si xalis gay fay si yëngu ak taagat liggeykat New York ňi beug tambali benna yëngu wala yook benefisu benna yëngu, te do faay daara.

## Kurrelu Gornamang NYC:

### Pacce bu yoor Birum Jeufeudiku, Kurel Yokkute Koopar

www.nyc.gov/site/dca/partners/financial-empowerment.page
Koorpar gir suuxeut jang ak teetal jeum si walum yokkute ak aar si koopar bu ndaw si ňi deuk New York gnu beug tabax sennei benefis ak tamit def luy yook senni kom. Boole ko ak ay xibaar si karangeak am keuyit buy woone ligay jeufleunte ak bank bi ak tamit meuna yeur ligay am si yok bor bigay faay.

### Serwisu yu Ndaw si Yëngu (SBS)

https://www1.nyc.gov/nycbusiness/
Ay jangale yigadul faay, ay liggey, dila teetal,ak ndimbali la gir li soxal gni beug liggeyal senni bop defar, maatal, wala yok yëngu si diwanu New York.

### SBS Ňi jogge bitim rew di Tambali Yëngu

www1.nyc.gov/nycbusiness/article/immigrant-business-initiative
SBS dagni meeye ay jangale si yëngu, nigni aame koopar, aamal ay serwis yu bax, a kyu beuri sa lakk yenen si bir diwanu New York yep te do faay daara.

## Teurëlinu NYC:

### Beurëbu Teere gir Gnep bu Brooklyn, Yëngu bu Ndaw ak Serwisu Liggeyal sa bop

www.bklynlibrary.org/business/small-business
AY beurëb yu beuri si Jeufeudikay Brooklyn, ay liggey, kalas yi, ak ndimbal kenna par kenna si kalama Angle, Es-paňol, Russ ak Kereyol si tambali bi, doxaline, ak dooxal sa yëngu.

### Beurëb Yëngu buy Yaatal Jokale

www.bocnet.org
Keuru liggeyukay yu-daw,Kurrel yokk yëngu yu daw dina woone naka lagnu jaaye si serwisu yëngu fofu si Bronx, Brooklyn, Manhattan, Queens, Staten Island gir gni di new di doole, ňi am koopar yu ndaw, dimbal si keur gir topoto xaale, 'Business American-Style' liggey, ak Prozeewu Liggeyukaw Daw laaku yu Daw.

### CAMBA Serwisu Yëngu bu Ndaw

718-287-2600
www.camba.org
Ay Seetlu kena-kena, liggey si yëngu bud aw, teetal si yëngu, jokkale ak yennen kurel gir yok yëngu yu ndaw, ak boor gir yëngu.

### Prozewu Yokkute si Askan bi, Dimbal Teggu si yoon gir askan yi

212-426-3000
www.legalaidnyc.org/civil-practice-pro-bono-projects
Di def ay taagat gir laaykat yi & kiliyang yi yugnu taan si niit yi fi ak 5 diwan yi. Tomb yi dina am tambaliwu yëngu yu daw, siife benna gennekay jeunda ak jay, arr yëngu yi ak benefis ku nek. Taagat bi dina am si Angle & Espaňol.

# Jeufeudikay

### Beurëb si Diwan gir nugnu Jangale (CUP)
www.welcometocup.org
Siiwal ak keuyit ak teere gir fiiri doxaline yu jaafe yi ak numuy deme, bok si benna Teetal gir liggeykat Bok-Kurel si NYC.

### NDimbal askan bi Bor bo dul faay bu Naasara yi
www.hfls.org/loan-programs/microenterprise/
Koopar bo dul faay si liggeyukay bu ndaw ak gni am koopar bu yam si gnu deuk si Diwanu New York, Long Island, and Westchester gir tambali wala yokk yëngu.

### Prozewu Yoon Liggeyukatu bop am gni Jeege, Beurëbu Attekay Yoon bu NYC
212-382-6633 (lu geuna am solo)
212-626-7383 (Ñetti wotekay yu tegu si yoon)
nelp@nycbar.org
Serwisu si yoon gir yu ndaw – gir defar gni yoor senni liggeyu bop yu ndaw te neew koopar si yëngu, lusi melni jafejafe faayum koopar, kontra yi ak deego yi, gennewu jeund ak jay waxtan yi, defar yi, jeuda ak jay yi, ak diplom yi.

### Kurrel Yokkute Yeewu Komkom
www.renaissance-ny.org
Kurrel Yokkute Koopar gir Askan wi jem si wallu gir soopi gni tukki bitim rew, yoor koopar yu sufe- ak digi doomu si askan yi nek si NYC di jooxe liim bu ndaw si booru yëngu ak program taagat liggeyal sa bop.

### Gniy Nangu liggeysi Serwisu Yoon
347-521-5729
www.volsprobono.org/projects/microenterprise-project
Di dimbali gni moom seeni yëngu yu ndaw ak liggeyukay yu ndaw meuna njot tanneef bu baax, ak serwis yu tegu si yoon

## Kurrelu jeuflukay NYC:

### Liggeyukat si Green Coop
www.greenworker.coop
Dagni def bennna taagat bu guddi bu baax 5-weer ak pro-gram ndimbal buy jaapale boolo yi beug jeufeudiku boole taagat bu jaffe, jaapale, ak serwisu Teknik yi.

### Kurrel yi Liggeykat yu New York (NYC NOWC)
212-390-8178 (bumu jooko kay)
www.nycworker.coop
Yokkute si Njiite m taagat, liggey, ñi di jaapale yëngu bi, ak ndimbal si wallu Teknik si Kurrelu Liggeykat ak kurrel bi am meun meun yëngu.

### Prozewu Liggeykat si Yoon – Defar Yoon si New York
347-889-6347
www.workersjustice.org
Kurrelu Aak Kenna ku tukke bitim rew ak yenneni jafejafe ay liggey gir taxawal ay xeetu liggey jaaraleko si yokkute, jaapale ak suxeut liggeykatu gni mom ay kurrel.

## Ay Jumtukay si linternet bi:

### Yëngu bu Gaaw bu New York
www.businessexpress.ny.gov
Ndimbali jaapale la sisa yëngu ak li liggey yi di lacce. Nan-ga tontu si keuyitu lacce bi ak Business Wizard dinala indil benna liimu si lep liga soxla gir tambali sa yëngu.

### Buntu Yëngu NYC
www1.nyc.gov/nycbusiness

**Lacce benna-par benna**
Nanga binda tontu yi benna- par benna si lacce bi ak ga njot benna liimu diwan yuy jay, deuk ak lisensu diwan bi ak keuyit buy daaganal gir tambali ak jeufe sa yëngu laalu si keureu liggeyukay biga nek.

**Xaayma buy waaral**
Nanga binda benna tontu yi si benna lacce ak ga njot ben-na liimu gornamang yuy waaral ak leb koopar yiga wara faay gir sa yëngu biga xamantani meungako.